

Enfòmasyon sou Èpès Jenital

VÈS (Viris Èpès Senpleks), koze pa tip 1 (VÈS-1) ak tip 2 (VÈS-2), se koz pli komen nan ilsè jenital Ozetazini. Jeneralman, enfeksyon èpès jenital koze pa VÈS-2.

SIY AK SENTÒM

Nan enfeksyon primè epi ki retounen tout tan, la pli pa de moun asentomatik (san sentòm) oswa montre siy piti oswa sentòm. Si ou gen sentòm, premye plè yo parèt nan lespas de 2 semèn apre ke viris la te transmèt.

Sentòm nan fanm enkli:

- Pèt vajinal
- Gratèl
- Iritasyon nan anis (twou dèyè)
- Ti blesi tout otou zòn jenital oswa dèyè
- Enfeksyon nan bouch oswa sou lèy "ti blesi lafyèv"
- Sentòm tankou grip (fyèv ak glann anfle)

Sentòm nan gason enkli:

- Pèt nan pijon
- Doule oswa difikilte pou pipi
- Tèt pijon an anfle oswa douloure
- Iritasyon nan anis (twou dèyè)
- Ti blesi tout otou zòn jenital oswa dèyè
- Enfeksyon nan bouch oswa sou lèy "ti blesi lafyèv"
- Sentòm tankou grip (fyèv ak glann anfle)

TRANSMÈT

Enfeksyon viris Èpès Senpleks yo transmèt pa:

- Transfè saliv (krache)
- Sèks Vajinal, nan dèyè, oswa sèks sousad (VÈS-2)
- Kontak oral-jenital, oral-anal, ak anal-jenital
- Manman ki enfektè pase sa bay tibebe pandan y ap akouche pa vajen

COMPLIKASYON/KONSEKANS YO

Si enfeksyon HSV an rete san trete ka lakòz pou:

- Blesi ki doule nan jenital ki Retounen tout tan
- Ogmantasyon risk pou trape enfeksyon VIH
- Ogmantasyon nan efektivite nan moun ki enfektè an VIH

Si enfeksyon VÈS lan rete san trete, pandan gwosèka lakòz pou:

- Enfeksyon fatal nan tibebe ki fenk fèt

PREVANSYON

- Abstinans sou kontak seksyèl
- Kapòt letèks ka pa redwi risk pou èpès jenital si kote ki enfektè an pa kouvri
- Evite kontak seksyèl avèk yon patnè ki enfekte

Rekòmandasyon pou anpeche pwopagasyon enfeksyon:

Sispann kontak seksyèl si siy yo oswa ou genyen sentòm

- Fè tès sondaj pandan gwosès
- Notifye tout dènye sèks patnè yo si ou enfekte

TRETMAN

Pa genyen tretman pou èpès, men medikaman antiviral fè blesi yo ale pli vit. Tretman dwe enkli medikaman ke yon doktè preskri. Souvan yo itilize, Asiklovir, Famisiklovir, Valasiklovir avan epi pu lòt epizòd yo tou pou kòm terapi pou redwi yo.

Enfòmasyon pou Pran Kontak:

Pou plis enfòmasyon sou sèvis klinik Lafflorid yo, lokasyon, ak rekòmandasyon pou tretman tanpri vizite nou nan sitwèb http://www.doh.state.fl.us/disease_ctrl/std/clinical/clinical.html Kominikasyon elektwonik sou kouryèl: HSD_STD@doh.state.fl.us.

Nasyonal Lij STD

1-800-227-8922 (24 sou 24, 7 Jou pa semèn)

Payòl

1-800-344-7432 (8 am -2 pm Lès, 7 Jou pa semèn)

Mal pou Tande

1-800-243-7889 (10 am-10pm Lès, Lend.-Vand)